



Lojman ki Pa Chè pou Lwe



ESSEX CROSSING SITE 8 SENIOR HOUSING

84 INITE APATMAN KI FÈK BATI NAN 140 Essex Street, New York, NY 10002

Ekipman: Salon pou rezidan, sant pou egzèsis fizik, teras anplennè, depo pou bisiklèt, sal pou lesiv souplas

Tranzit: Tren: M/J/Z/F; Otobis: M21, M15

Pa gen frè aplikasyon • Pa gen frè koutye • Bilding san lafimen •

Plis Enfòmasyon: www.essexcrossingsite8.com

Y ap konstwi bilding sa a pa mwayen pwogram Apatman Lokasyon Bon mache pou Moun aje (Senior Affordable Rental Apartment, SARA program), pwogram Kredi Taks pou Lojman Revni Fèb (Low Income Housing Tax Credit Program, LIHTC), epi yo prevwa pou li resevwa yon Egzansyon Taks grasa Pwogram Ankourajman Taks (421a Tax Incentive Program) 421a nan Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development).

Kimoun ki Ta Dwe Aplike?

Moun oswa fanmi yo dwe gen mwen yon (1) moun nan fanmi an ki gen 62 zan oswa plis epi ki satisfè kondisyon revni oswa kondisyon kantite moun ki nan kay ki endike nan tablo anba la a ka aplike. Moun ki aplike ki kalifye ap gen obligasyon pou satisfè kritè seleksyon yo. Moun ki aplike k ap viv nan Vil New York ap resevwa yon preferans jeneral pou apatman yo.

Gen yon pousantaj inite ki rezève pou:

- pou moun ki aplike ki gen pwoblèm mobilite (5%)
- Moun ki aplike ki gen pwoblèm pou wè/tande (2%)
- Gen preferans pou yon pousantaj nan inite yo pou:
 - **Rezidan Konsèy Kominotè Manhattan 3*** (50%)
 - * Ansyen Lokatè Zòn Renouvèlman Iben Ekstansyon Pak Seward (Seward Park Extension Urban Renewal Area, SPEURA) gen priorite 50% nan inite preferans Konsèy Kominotè (CB) yo.
 - Anplwaye minisipal (5%)

INITE KI DISPONIB YO AK KONDISYON DAPRE REVNI

| INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 30% REVNI MWAYEN ZÒN NAN (Area Median Income, AMI) | | | | | |
|---|-----------------------------------|------------------------|--------------------------------------|---|--|
| Gwosè inite apatman | Lwaye pa mwa ¹ | Inite Apatman Disponib | Kantite moun nan kay la ² | | Revni ki antre lakay la chak ane ³ Minimòm – Maksimòm ⁴ |
| Stidyo | \$331 | 20 | 1 Moun | → | \$13,303 - \$22,410 |
| | | | 2 Moun | → | \$13,303 - \$25,620 |
| Stidyo Moun k ap aplike yo ap gen pou yo kalifye pou Section 8 | Rezidan ki kalifye peye 30% revni | 8 | 1 Moun | → | \$0 - \$22,410 |
| | | | 2 Moun | → | \$0 - \$25,620 |
| INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 50% REVNI MWAYEN ZÒN NAN (Area Median Income, AMI) | | | | | |
| Gwosè inite apatman | Lwaye pa mwa ¹ | Inite Apatman Disponib | Kantite moun nan kay la ² | | Revni ki antre lakay la chak ane ³ Minimòm – Maksimòm ⁴ |
| Stidyo | \$618 | 34 | 1 Moun | → | \$23,143 - \$37,350 |
| | | | 2 Moun | → | \$23,143 - \$42,700 |
| INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 60% REVNI MWAYEN ZÒN NAN (Area Median Income, AMI) | | | | | |
| Gwosè inite apatman | Lwaye pa mwa ¹ | Inite Apatman Disponib | Kantite moun nan kay la ² | | Revni ki antre lakay la chak ane ³ Minimòm – Maksimòm ⁴ |
| Stidyo | \$761 | 22 | 1 Moun | → | \$28,046 - \$44,820 |
| | | | 2 Moun | → | \$28,046 - \$51,240 |

¹ Pri lwaye a gen ladan chofaj, gaz pou kwit manje, ak dlo cho. Lokatè a peye elektrisite.

² Kantite moun ki nan fanmi an gen ladan tout moun k ap viv avèk ou, tankou paran ak timoun. Sa depannde kritè okipasyon an.

³ Salè moun nan kay la gen ladan salè, salè pa èdtan, poubwa, Sekirite Sosyal, sipò timoun, ak lòt revni. Gid revni an ka chanje.

⁴ Revni minimòm ki endike a ka pa aplike pou aplikan ki gen Seksyon 8 oswa lòt sibvansyon lwaye admisib. Limit resous ka aplike tou.

Kijan pou Ou Aplike?

Aplike sou Entènèt oswa pa lapòs. Pou aplike sou entènèt, tanpri ale sou sitwèb: nyc.gov/housingconnect. Pou mande yon aplikasyon **pa lapòs, adrese yon anvlòp bay pwòp tèt ou, mete tenm sou li, mete l anndan yon lòt anvlòp epi poste li nan: Essex Crossing Site 8 Senior Housing / Triborough Finance New Station, PO Box 2010, New York, NY 10035.** Voye yon sèl aplikasyon pou chak devlopman. Pa soumèt doub aplikasyon. Pa aplike sou entènèt epi voye yon aplikasyon nan papye tou. Moun ki aplike epi ki soumèt plis pase yon sèl aplikasyon ka diskalifye.

Kisa Dat Limit lan ye?

Dat so lapòs ki sou aplikasyon yo oswa dat aplikasyon yo soumèt sou entènèt pa dwe pita pase **20 out 2019**. Nou p ap konsidere aplikasyon ki anreta yo.

Kisa K ap Pase Apre Ou Soumèt yon Aplikasyon?

Apre dat limit lan pase, n ap chwazi aplikasyon yo pou revizyon dapre yon pwosesis tiraj-osò. Si nou chwazi aplikasyon ou an epi ou sanble kalifye, n ap envite w nan yon randevou pou kalifikasyon pou kontinye pwosesis pou detèmine si ou kalifye. Nou pwograme randevou yo anjeneral soti 2 mwa pou rive 10 mwa apre dat limit aplikasyon an. N ap mande ou pou pote dokiman ki verifiye kantite moun k ap viv lakay ou, idantite moun k ap viv lakay ou, ak revni moun lakay ou.

Majistra Bill de Blasio • Manm Komisyon HPD Louise Carroll

